Соколёнок

# Лачен

2/2018
март-апрель

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



*Художник Иса Хумаев*

Писа Шарапудинов

# КIвахIалав чули

Берал кIвекIулаго
КIвахIалав Чули
КIвахIалго вачIуна
Къойил цIализе.

ЦIалун щуйилги ккун,
Лъимал унелъул,
Чули лъабилазул
Лъорги цIун уна.

Лъаларев чи гуро
Чули, цIалани,
ЦIакъ кIудияб гIузру
Буго гъасул кIвахI.

КIвахIги кIарчанлъиги
ДобегIан тани,
Чулиги вукIина
ЛъикIав отличик.

Лъималаца гIадин
Дарсал цIалани,
ЦIакъ хекко вахъина
ГIакълу бугев чи.



# ХIисабиял бицанкIаби

***

Бикьун бажарулареб,
Жубан хIасил кьолареб,
Кьабунин, бахъунилан,
Нахъе жо хутIулареб,
Жибгоги цIакъ гургинаб,
Гирунги жиб унареб,
Тарихалда цIар лъани,
Лъимал, бице бокьарас.

***

РукIанила ГIумарил
ГIемерал цIцIани-буртIал,
ЦIакъ гьесие хириял,
Хер-кIарцIи кьун хьихьарал.

Щуго цIцIеца ГIумарий
КIи-кIи бурутI гьабула,
КIиго цIцIеца гьесие
Лъаблъа бурутI гьабула,

Лъабго цIцIеца гьесие
Цо-цо бурутI гьабула.
Гьасул чан цIцIе букIараб,
Чан цIцIелжо гьасул гIураб?



***

Цо гIечул гъветIалъ ГIалий
Нусго кило гIеч кьуна,
КIиабилеб гъотIоца
Гьелъул бащалъи кьуна.
Лъабабилеб гъотIоца
Гьеб кIиялъгогIан кьуна.

Щвараб гIечул цо къадар
ГIагарлъиялъе кьуна.
Кьун хутIараб ящикахъ
Бащад гьабун сокIкIана.

Ящиказдаги ГIалил
Къо-къо кило батана,
Ящикал рикIкIунаго
АнцIила кIиго гIуна.

Кинабниги чан кило
ГIалил гIечул бахъараб?
ГIагарлъиялъе гIечул
ГIалица кигIан кьураб?



# ГIисинал гьунарчагIи











Нижер журналалде гьоболлъухъ рачIун рукIана Каспийск ва МахIачхъала шагьаразул школлъимал ва «Креатив», «ГIурччинаб карета» гIадал поэзиялъул кружоказул гIахьалчагIи. Гьез нижее цIалана жидецаго хъваралги цогидал машгьурал шагIирзабазул кучIдул ахIана Расул ХIамзатовасул «Къункъраби» ва цогидалги кучIдул. Журналазул редактораз лъималазе бицана кин гьеб хIадурулебали, цIалана жидерго асарал. Араб сон Каспиялъул сонлъун – тIабигIат цIуниялъул сонлъун лъазабун букIиндал, гьеб темаялда кучIдул хъварал ва тIоцебесеб, кIиабилеб, лъабабилеб бакI ккурал лъималазе кьуна сайгъаталги. Данделъи ана киназего пайдаяб, тIолалго разияб хIалалъ.

# ЦIумги гъедоги

Л. Н. Толстой

Чахъаби авлахъалда кваналел рукIана. Кисан бачIарабали лъачIого, зодосан бортун бачIана цIум. Малъалги къазарун, гьелъ цо кьегIер эхеде босун ана. Гьеб гъадида бихьана ва гьелъулги гьанаде хьул лъуна. Гъадица абуна:

– ЦIудуца гьабураб жо гьедигIан кутакаб жо гуро. Дида гьеб дагьабги лъикI гьабизе кIола. ГIантаб цIудуца бищунго гьитIинаб кьегIер хъамуна, дица гьадаб бищунго кьарияб чахъу тIаса бищила.



Гъадица квасулъ малъалги къазарун чахъу гьаваялде босизе гIамал гьабуна. Щибго жо ккечIо. Квасулъ къарал малъалгицин рахъизе кIвечIо.

ТIаде щварав вехьас ботIролъ тIилги бан, хвараб гъеду добехун рехун ана.

# КIиго хIелекоги цIумги

Ракул гохIалда аскIор рагъулел рукIана хIелкал. Бергьаралъ къураб гьениса нахъе гъуна. РакIарун гIанкIуяз бергьаралъе рецц-бакъ гьабуна.

ХIелкие жиндир къуват-реццалъул цогидал азбараздаги лъазе бокьана. ТIохдеги боржун, куркьбалги кьабгIезарун, гьелъ ахIана:

– Киналго дихъ ралагье, дица хIелеко бухана! Дунялалда лъилниги гьечIо дир гIадаб къуват. ХIелкил гьеб кечI лъугIилалде, боржун бачIун, цIудуца гьеб жиндирго бусаде хъамун ана.

# Малла Насрудинил Масхараби

## Ургъел ккоге

Цо кинабалиго къваригIелалъ аскIоб бугеб росулъе сапаралъ вахъине ккун вуго Малла Насрудин. Гъесда бихьун буго щун бачIараб лъараца кьо босун ун букIин. Ургъел чIварав нухлулав, лъарал рагIалда гIодовги чIун, щибдай гъабун лъикIилан ургъулеб мехалъ, тIаде вачIун вуго кIигоги нухлулав. Сала-каламалдаса хадуб гъаз гьикъун буго щиб гъабулев вугевилан.



Гъеб лахIзаталда Маллаца жаваб гъабун буго:

– Лъар щун, кьоги босун ун бугелъул, нухлулал лъарал доб рагIалде рахъизейин чIун вугоха. Цо-цо чиясухъа цо-цо гIабасиги босула дица, – абун.

Нухлулал разилъун руго. Жиндирго хьолбохъ кIиявго чиги чIезарун, Малла лъаралъе лъугьун вуго. Гьасда лъимги лъалеб букIун гьечIо. ГьитIинаб мехалдаса нахъего лъедаса хIинкъаравги вукIун вуго. Гьанже кIиябго рахъалдасан нухлулал ругелъул, жиндие хIинкъи букIинарин ракIалде ккун буго Насрудинида. БитIун лъар бакьулъе щвараб мехалъ, гьелчолаго речIчIун бачIараб карачелалъ хьибилалда вукIарав нухлулав восун ун вуго. Досул кумек гьарун

хьвагIезарулел кверал рихьарав Малла Насрудиница ахIун буго:

– Дуда расги ургъел ккоге, дица духъа гIабаси босизе гьечIо! – абун.

***

Мала Насрудинида гьикъанила гьевищин кIудияв кколев гьесул вацищилан.

– Гъоркьиса инсуца абулеб рагIун букIана дидаса цо соналъ вац кIудияв вугилилан. Гьелдаса нахъе цо сон индалха, гьанже ниж кIиялго ращадал кколел гьечIищха? – ян велъанила Малла.

# МахIалъухъ мухь

Цо къоялъ къвалакь ккун бакъвараб чедгун Малла Насрудин ашбазалде вачIун вуго. Сверухъ бежулеб шашлыкIалъул ва цогидал нигIматазул махIги сунтIун, кванан буго гьес жиндирго чед. Гьеб бихьун буго ашбазалъул хважаинасда.

– Ле, Насрудин, гьаб дир гьуинаб махIалъухъ мухь кьезе ккола, – ян абун буго гьес.

Хважаинасда аскIовеги вачIун, Насрудиница досда цере гIабсал ккунила, цинги, звангъезеги гьарун, гьелги кисинирго лъун абунила:

– Дур шашлыкIазул махIалъухъ дир шагьабазул звангъиги гIела, – ян.



Муса МухIамадов

# Дун кьабгIе

(Хабар)



Лъабго вацасда гьоркьов бищунго гьитIанав вуго ГIабдусалам. ГьитIинав вукIин гуревги, бищунго хIалимав, хIеренав, цIикIкIаразул хIурмат цIунаравги вуго. Гьеб ритIухъ гьабизе, цонухалъ ккараб лъугьа-бахъиналъул бицинин нужоего. ГIенеккун рихье.

ГIабдусаламил кIудияв вац СултIан-ХIусеница ГIисалазул Къурбан лъикIаланго кIутIа-сутIун вуго сон расандулеб бакIалда. Эбги, гьедигIанго кIудияб гIиллаго гьечIого.

Гьеб хабарги рагIун, ццидаххун вачIана магIарда гIияда вукIарав эмен. Цебе гIадин гьабугьин гуреб, гьабнухалъ жвархъиги бахъинабун къана гьес жиндаго хадуб каву. Болъодул тIараде жиндихъа буртина босизе йортарай эбелалдеги «дицаго, Хадижат!» – илан ахIана гьес.

– Щиб дуе лъугьараб жо? Цосинаб магIарде горо-цIерищ бараб? ГIиязулъе бацIищ кIарцIараб? – илан гьикъана эбелалъ.

– МагIарде бачIо, Хадижат, горо-цIад, дир гIадатIе бана. Дир гIаданлъиялъул гъотIол тIамхал гъине гьаруна гьелъ, – илан жаваб кьуна, михъалги рахъ-рахъалде кьур-кьузарулаго инсуца. Гьесул ццин бахъараб мех михъаз бицунаан.

– Вигь! Ккараб жогIаги щиб, гьадигIанго дур рахIат хвезе, дур гIаданлъиялда гIуж лъезе? – ян гьикъана гьанжеги эбелалъ.

– Щибин ккарабан дурго кIудияв васасда гьикъе. Гьесул «багьадурлъиялъул» хабар добе магIарде рагIана дида, – ян бетIер хьвагIезабуна

гьанже инсуца. – Я дица яги дир эмен СултIан-ХIусеница нижедаса гьитIиналги кьабгIун рогьояб цIар босун букIинчIо.

– Щай, дада, дур гьедин ццин бахъунеб? Дица кьабгIиларoан дов вукIарав кIалги къан чIаравани. ГIабидилас гьусунги тIамун, «Цидулав!», «Цидулав!», «Цидулазул гIамалкIодо» – ян ахIдана Къурбан. Цо кIалги чIван тун вукIарав чи довго ГIабидилас «гьабги хвезабун тIагъур бахъизе щварав бихьинчи вуго», – янги абун дида цебе цIараб хIучч тIад хIетIеги лъулъан хвезабуна. ХIучч хвезабун течIого хапан дир тIагъурги бахъана.

– ГIабдал! ГIабидилас ургъунго рагъизе тIамулел рукIин лъалаан гурищ дуда?

– Лъалаанха, – ян абуна гIодове къулахъего СултIан-ХIусеница. – МалъгIанав Къурбаникьаги хIинкъунищха дун чIезе кколев вукIарав?

– МалъгIанав Къурбангун тIамичIого, мунго вачIа, ГIабидилав, дунгун вагъизеян щай абичIеб? Гьеле гьеб букIинаан бихьинчилъи. Дудаса соназ кIудияв вукIаниги, къартIалъ загIипав вуго дов. Гьебги лъан дуда тIад велъун вуго гьеле. Гьанже кинаб гьумергун дун ГIисаласда аскIове инев? ХIалае рахъине вацал гьечIев дур квергIанасеб лъимер дир саламатав васас вухун вугин тIасалъугьаян кинан гьарилеб?

– КвергIанасев щай вукIунев нилъер ГIабдусаламидаса лъагIелалъ цIикIкIарав вас? – илан СултIан-ХIусенил рахъ ккевезе гIедегIана эбел.

– Дида хабар лъаларо, Хадижат. Къурбанидаги досул эбел-инсудаги тIасалъугьаян абизе витIе СултIан-ХIусен.

– Мун нечон ватани, МахIмуд аха, – ян гьоркьохъев вацасдехун вуссана эмен.

– СултIан-ХIусеница Къурбанги



вухун, тӀасалъугьаян гьаризе дун щай ине кколев? – илан чӀана МахӀмудги.

– Дун ина, – ян ахӀана ГӀабдусаламица. Инсуца жаваб кьезегӀанги чӀечӀого кавудахъан къватӀиве тӀерхьана гьев.

– Щай вачӀарав? – илан гьикъана рагъида хьитал рукъулев ватарав ГӀисалас, нечон холаго болъодухъан вахун вачӀунев ГӀабдусаламида. – Гъачагъазул наслу! КӀудияв вацас нижер Къурбан кинан вухун вугояли халгьабизейищ вилълъарав? Доле валагье, хъахӀил гьабун бугин гьумер, – илан рагьитӀарада диваналда тӀад вегун вугев Къурбан вихьизавуна гьес.

– Дун гьедин гуро вачӀарав.

– Щайха? – ян цӀоробераздa тӀасан валагьун чӀана ГӀисалав.

– Дун кьабгӀеян абизе вачӀана, – ян жаваб кьуна гьес. – Къурбание бигьалъи букӀине...

Къурбан зарги букъун эхеде ворхун вачӀана. Цинги ГӀабдусаламихъ валагьунги чӀун, вагъизе букӀараб гьираги ссун ун, ццинги буссун, нахъойги вегун чӀана.

– Дица дидасаго гьитӀинал кьабгӀуларо, – ян абуна гьес.

Кьварун букӀараб ГӀисаласул гьумер гьанже лъан-лъаларедухъ гьимулеб букӀана.

– Кванaзе гӀодовчӀа. Къурбание гьарурал пурщаби ругин жеги хинлъилаго, – ян абуна гьесул эбелалъги богорокъосан къватӀиеги яккун.

– А, кванaзе а. Къурбанил ракӀгъун букӀине, гьасда аскӀовги чӀа, – ян абуна ГӀисаласги, тӀадеги вахъунаго. – Дун кьурул ракьанде гьасул ругънада тӀад лъезе цӀер бахъизе инин.

– Дун ина, ГӀисалав-даци, цӀер бахъизе. Дида лъала цӀункӀулукӀал ругеб бакӀ, – иланги ахӀун векерун ана ГӀабдусалам.

Гьеле гьедин гьитӀинав ГӀабдусаламица битӀизабуна кӀудияв вацасул гъалатӀ, роцӀцӀинаруна ригъарал ракӀал.



# ХЪАХIАБ БУРУТI

РахьхъахIаб бурутI буго
РитIучI гIадин гIедераб,
Беричаб ГIазуч буго
БацIитIинчIгIан цIодораб.

Гьелъ къечалъ бухIаниги
Лъарал лъим гьекъоларо,
Ракъул хIал бергьаниги
ХIамизаз кваналаро.

Бугеб чIухIараб бурутI,
ТIогьолцин махI сунтIулеб,
Нижер кIарчамаб бурутI,
КIилкIалги ран къачIараб.

КинитIа нанил моцIу
ЩIацIалеб батула алъ,
ЩIел рахьдал цIураб шиша
Бихьизе толаро алъ.



16

Пошмат Малачиева

# ХIарпазул кучIдул

## А

Айханумил гьикъилин,
Аксаялде кIалъана,
Ашбазги рагьун йиги,
Алъги жаваб гьабуна.

## Б

Багьжатги Жамилатги
Базаргаби лъугьана,
Бичун, щвараб гIарацги
Бащад гьабун бикьана.

## В

Вас, рахназ лълъим ххалаго,
Волга гIурулъ вукIана.
Восун ун вахъунаго,
Варис хвасар гьавуна.

## Г

Гургурал – горда гьоркь чIун,
Гуризарун ххвенххалгун.
Гургаги гьезий бичIчIун,
Гунащ щола роххелгун.

## ГI

ГIазу балеб къо бугин,
ГIачи рохьдолъе гьечIо.
ГIундул цIцIоролел ругин,
ГIачивехь къватIив инчIо.

1

## Гь

Гьабихъ гьуинмахI буго:
ГьалигIатIал хинкI буго,
Гьан данде белъун буго;
ГьагIуги цIакъаб буго.

## Гъ

Гъаримлъун руго хIанчIчIи,
ГъотIол гъудринир кьерун,
Гъудулгун гьезул тIанчIи –
«Гъа» бачун, гьезда сверун.

## Д

Доле, дол бархъалисел –
Дадал, гIертIал, хъубигун.
Дие – пештIерабигун,
Дуе – щурум, рагI босун.

## Е

Егун чIоге, дир лъикIай,
Екере, кумекалъе.
Ессаризеги цIакъай,
Ецаризеги хехай.

## Ж

Жуламалдаги релълъун,
Жаккиги буго гьоркьоб,
Жага гIадин, багIарлъун,
Жеги берцинлъун, рохьоб.

## З

Зирараб гьаракь буго,
Зирххарал берал руго,
Заира гIолей йиго,
Завалалда гьей йиго.



# БАНАН ЩАЙ БЕКЬУЛАРЕБ

Муслимица, бел босун,
ПастIан бухъулеб буго,
Бабае кумекалъе
Рак тирщизе щун вуго.

Рахъу гIадин, хIеренго,
ГIерекъ биххизабула,
Кьохорххоялъ хачала,
Кьерал ритIизарула.

Пергин гъаран бекьараб
Цо рахъ батIа гьабула,
Хъабахъгун охцер чIараб
Гвандабахъе лъим тIола.

ЧIакIултIангун ламадур
ПастIан сверун сусуна,
ТIугьдулги бакъдебуссги
Берцинлъиялъе чIола.

КIиго галиги босун,
Муслимица гIуж бана,
ХутIараб бокIнилъниги
Банан бекьизе кколин.



# Малълъараб гъабичIони



– Ибрагьим, рокъой вусса,
Свакан щун йигин эбел...
Ибрагьим вачIунаро,
Васандун чIалгIунаро.

Ран рахъинчIел минабахъ
Рахчирукъ лъугIун гьечIо,
КьучIал рорхарал къадахъ,
Къонорехи тун гьечIо.

Ибрагьим вортун ана,
Огъохъат ччукI-ччукIана,
Гъав гирана, вахъана,
Нахъеги гIодов ккана.

Зигарди буго асул,
– Огь, ссудулеб буго, – ян,
Синкъи буго васасул,
– Катан хехго къай, – илан.

Малълъараб гьабичIелъул,
Бабал ракI унтичIодай?
АхIун вачIунарелъул,
Гьасда щцин бахъинчIодай?



## И

Ингердахъеги рахун,
Изанореги раккун,
Илълъасезул лъар бахун,
Игьалирги лъикl  рештlун.

## Й

Йихьизеги къабулай,
Йичlчlизеги бигьаяй,
Йилуге, дир гьоболай,
Йисса жеги, гьайбатай.

## К

Кари бетlизе арай
Каримат щай ячlинчlей?
Киридахъ гьеб бикьарай
Кин дие босун щвечlей?

## Кl

Кlулалги ричlун, нуцlа
Кlал-кlалачlван рагьана,
Кlалалълъ букlараб къанцlа
Кlилъилалъ босун ана.

## Кlкl

Кlкlаратlисез  колотlа
Кlкlуйдул тlала боркьана,
Кlкlвелекlкl бухlулеб цlетlа
Кlкlурбузул хорин ккана.

## Къ

Къадру цlуни – борхалъи,
Къимат букlин – дур тlокlлъи,
Къартl бугони – берцинлъи,
Къадарлъи – гlодойгlанлъи.

## Кь

Кьурулълъ речӏчӏарилаго
Кьодухъан кӏанцӏана лъар,
Кьалбакь чӏикӏарилаго,
Кьурун тӏуна гъотӏол кар.

## Л

– Ле, лъимал, лъилгӏаги нуж?
Лал тӏамизе гвай банищ?
– Лабазанил ккола ниж,
Лолен щвезе ккеларищ?

## Лъ

Лъагӏримагъилълъ – кибго хьан
Лъолъохьон бекьун буго,
Лъилъаризе заман цӏцӏан,
Лъимал хӏалай щун руго.

## ЛъЛъ

Лълъиниялъ нащикъ хъвараб
Лълъугъур мокърукь ккун буго,
Лълъарахъанас хатӏ тараб
Лълъар къадада бан буго.

## М

Мокъокъаз гъал
хӏанчӏчӏазулълъ
Мокърукь бусен лъоларо,
Мокъ цӏурал гӏанкӏуязулълъ
Мукъурберцин чӏчӏоларо.

## Н

Написатил тӏулбухъа,
Наял къватӏире гъола,
Найил гьоцӏо къучӏбухъа
Налбекахъе чваххула.



# Эбелалъе дугӀа

Эбелалъул бакъги ссун,
Къварилъугеги лъимер,
Рохалил гъветӀги гъенон,
Гъаримлъугеги лъимер.

Лъималаз ракӀги бахъун
Яхъун унгеги эбел,
Наслабаз балагь бекьун
Ракьулъ лъогеги эбел.

Эбел нечезе ккараб
Рогьо щогеяб лъимер.
Эбел магӀид ецӀцӀараб
ЦӀар бачӀунгеяб лъимер.

Дунялгун данде цӀараб
Рохел гурищ дий эбел.
Роценгун гӀорхъи тараб
ТалихӀ гурищ дий эбел.

ДугӀалъун гьардолеб кечӀ
Кодой босизин, лъимал.
Гьей цӀунизе кӀолеб кечӀ
КӀочон теларин, лъимал.

# ХIинкъи буго




Ролтонал гIемер кванан,
Таймаз чехь унтун вуго,
Корочкабигин чипсаз
Салимги гьорон вуго.

Мобильникалъ гуккиялъ
Камил канлъукълъун вуго,
Планшет хиралъиялъ
Хадиги ххаган йиго.

Компьютеразул гIузру
ГIусманидеги щвана,
ГIемерго гьелда хIаялъ
ГIантав чи гIадин вуго.

Гьаз цо бертIамуларел
ТIахьал гIодулел руго,
ГIураб мехалъ, жал гIадин,
Нужги гIодизе ругин.

Бабаца гьабураб квен
Гьалгун барщун чIун буго,
ТIагIамабгин пайдаяб
Лъаларел лъимал ругин.

Сахлъигун гIакъу чIвалеб
ГIамал тезе ккун буго,
Тохтирас, дару гьечIин
Абилин, хIинкъи буго!

12

**О**

Огьо-гьой, вай, агьа-гьай,
Охцеразул бахчинир
Оц-оц гIадал кьариял
Оцхlутlазул гlемерлъи!

**П**

Пири пирххараб мехалъ
Пирмухlамад хlинкъана.
Панаяй кочlохъаналъ
Париги гьоркьокъана.

**Р**

Рицlцlигъотlода гъоркьан
Рецlцlулел руго иццал.
Рацlцlадал гьезда гъорлъан
Рихьулел руго бисал.

**С**

Сороле6 буго тlамах,
Сардил гьури тlаделъун.
Састун бортана тlамах,
Сонсияб гlумру лъугlун.

**Т**

Тай квегъизе лъачlого
Таймураз гlодов ккана.
Тохтир ахlун течlого,
Таибат хlалай щвана.

**ТI**

Тlаде щолеб их буго,
Тlаса рахъе, тlингъалин.
Тlугьдул рагьулел руго,
Тlамхалги хадур гьелин.

5

## У

Угьун хIухьелги биччан,
Угьдилаго Узлипат
Унтиги балъго гьабун,
Ургъалилъ йосун йиго.

## Ф

Фатимаги Таймазги
Фабрикалда хIалтIула,
Фазул кучIдузда гьазги
Фонограмма ахIула.

## Х

Харицелги босун, дун
ХарибакIалде ана,
Хулжинир хинкIалги лъун,
Хажаги хадуй гъана.

## Хь

Хьагал раччун, богьогьан,
Хьалбал унтулел ругин.
Хьулдарулев гьабигьан,
Хьодул гьобо ххенелин.

## Хъ

Хъазал авлахъ тирулел
«Хъа-хъа» бачунел руго,
Хъумур гьезде хьулхьулеб
Хъурщун бачIунеб буго.

## ХI

ХIалимлъи – гурхIел, рахIму,
ХIеренлъи – рекIел лъикIлъи,
ХIасрат – гIищкъуги шавкъги,
ХIайранлъиги – гьайбатлъи.



# ГьитIинав „Чанахъан"

Рохьоб хасел рештIиндал,
ТIатана бацIил лъалкIал,
ГIазулъ герегахъдидал,
Тохлъана гIалхул гIанкIал.

Мокъокъазе мугьги бан,
Вахчун вукIуна ШагIбан,
Царае гудурги гъун,
Ана. ДандчIвала хъабан.

Лъутун унев васасда
Бадиб тункула цо гIучI, –
ГIаркьелин ккарав асда
Унеб бихьула ритIучI.

Беццлъараб берда кверчIван,
Квешго угьдана ШагIбан,
ЩIакъго гIодизе бачIун,
Чаракъосана тIубан:

«Гьабщинаб нигIматги тун,
Щай дун чанаве арав?
Гьанал цIун мокъги букIун,
Вакъунищ дун вукIарав?!»



# Бай, гIазу

Бай, гIазул биццатаб гъат,
ГъутIбузе регъел гIезе.
Кисанго бахъе дур хъат,
Ххарил кьибил цIилъизе.

Лъелълъралъдал хIайваназги
ХIалхьун гIумру гьабизе.
Ракъдал чIаголъиялъги
Къеч хьвазегIан гьекъезе.

МугIрузда тIупе, гIазу,
Иццалги къунгутIизе,
ГIодобе чапе, гIазу,
Ралъад бакъвангутIизе:

Бай гIазу, бакке цIорой
БацIцIадаб гьава цIцIазе.
Унти биччанте гьорой,
ЦIидасан черх цIилъизе!



10

## Ц

Цияллъун рахъун чIчIарал,
Цалал щулиял руго,
Цедерккун гордал тарал
Цо-цо сивул тIогь буго.

## ЦI

ЦIорон хвезе гурин ккун,
ЦIул бичIун, вас вачIана.
ЦIа бакизе гьевги тун,
ЦIурахинкIал руцIцIана.

## ЦIЦI

ЦIцIеги бечIчIун, рахь бачIун,
ЦIцIуна, цIетIа хьаг лъуна.
ЦIцIавехьас хIан бахъун,
ЦIцIамги щван, нахъе лъуна.

## Ч

Чи вугилан абула, –
Чаран гIадавин тола.
Чу бугилан бицуна, –
Чан гIадабин беццула.

## ЧI

ЧIохъе унев вукIарав,
ЧIараде ккун рагIула.
ЧIечIого цеве арав,
ЧIорлъун гIунтIун ватула.

## ЧIЧI

ЧIчIелги лъун, къадахъанас
ЧIчIвадил чIалу борхана.
ЧIчIва кIутIун, кочIохъанас
ЧIчIел босун щвей баркана.

7

**Ш**

Шагъаралгун росаби
Шагъранухаз цолъана,
Шишиликl, расалъаби
Шура-хъурун хъетана.

**Щ**

Щалайдулълъанги баккун,
Щурункъверкъ данде ккана,
ЩагІил гъадаройин ккун,
Щущан инин хlинкъана.

**Э**

Эххераби руклуна,
Эхедерай батула,
Эбги добги жубала, –
Эзда нухал абула.

**Ю**

Юкъарухъан яхъина,
Юцlцlунчlун юкъарани,
Югъунгин юхlун тела,
Юкlкl-юкlклун кьижун чlчlани.

**Я**

Я, кlарчамай яцако,
Яслиялде унарей.
Ясандизе ицико
Яцалъухъе кьоларей.



# ИчІабилеб Май

ИчІабилеб Май буго,
ИчІго чи вихьуларо
Керен медалаз цІурав,
Ругъназда орден барав.

Байрам берцин гъабизе
Хвел гъечІеб полк щун
буго,
Гъезул рухІал рохизе,
Наслабазул марш буго.

Рагъухъаби лъугІунин
ЛъугІулеб къадру гуро.
Херлъараз дунял тунин,
Хун унеб къо-асс гуро.

ИчІабилеб Маялъе
Багъа тІокІаб щун буго,
Гъелъул дир улкаялъе
Сайгъат кІудияб буго.



## Маргъвабазул дунялалда

# ЦIумур бараб бурутI

### Маргъу



РикIкIадаб колода цо херай кIодоги йикIанила, кIодол лъабго бурутIги букIанила. БацIица цIцIеги чIван, гьарураб къоялдаса нахъе хералъ хьихьун гIезарулел рукIанила гьел. Гьединлъидал, лъималгIанги хириялги рукIанила лъимер-бетIер гьечIей хералъе буртIал. ЦIакъ гурхIизеги гурхIулаанила гьезда кIодо. Къоял ун, анкьал ун, ахирги лъагIанила буртIал гьаруралдаса. КIодода аскIобеги бачIун, бищун кIудияб буртIица чIухIун хIетIе гIодоб тунканила, лълъурдул кIичIизарунила ва гIадамил лъимадул гьаркьидалъун кIододехун кIалъанила.

— Бэ-э-э-э, бэ-э-э-э, дун кIудияб гIун буго, биччай дун гIалахалде, гIурччинаб сагаялде.

— Валлагь биччалебха, щай биччалареб дица мун гIалалхалде, — ян разилъанила кIодо. — Гьаб цIумурги бала дур габуралда, данде ккарал бацIил тIанчIи тIуризе букIине.

— ХучдулгIан бегIерал лълъурдулги гIела дие бацIил тIанчIи тIуризаризе, — ян габуралда цIумур базе кинго разилъичIеб бурутI, лълъурдул тункун кавуги рагьун къватIибе анила.

Анила къоги, щванила сордоги, кинго рокъобе буссунарила кIодол бищун кIудияб бурутI. Нахъияб къоялъ сверухъ ругел кулабаздаса кумекалъе гIадамалги ахIун анила кIодо бурутI балагьизе. КIкIалабахъе лъугьанила, лъарал рахун анила,

авлахъал сверанила. Кинго бурутIги батичIого, батиялдаса хьулги къотIун, къваридго нахъйиссанила. Жиде-жидер кулабазде кумекалъе рачIун рукIарал гIадамалги анила.

Цо анкьидасан гьоркьохъеб бурутI бачIун чIанила кIодода цебе. Хералъул накабазда лъулъазарун лълъурдулгун лъугьанила гьебги:

— Бэ-э-э-э, бэ-э-э-э. Ина дунги гIалхуде, гIурччинаб ххер кваназе.

— Валлагьи, биллагьи битIила мунги гIалахалде, амма дир гьари буго гьаб цIумур гарбида бай, — ан лъугьанила кIодо.

КIигIан гьей тIаделъаниги, гьарданиги, берцин кIалъаниги, бурутI гIенеккичIила. Цинги кIододаги лъачIого балъго къватIибе тIуранила.

... Хабар халат гьабун щай, маркIачIуда бурутI тIадбуссинчIила, бачIинчIила гьеб хадусеб къоялъги. Добго къагIидаялъ кIодоца ахIи бан балагьизе рахъараздаги араб бакIги батIичIила, лъураб лъалкIги щвечIила гьелъул.

КIиябго бурутIги тIагIун цIакъ пашманго йигей кIодохъеги бачIун, гьелъул гIицIал хIатIазда хIеренго мацIги бахъун цо хутIараб гьитIичалъги гьаранила:

— Бэ-э-э-э, бэ-э-э-э, гьанже дунги гIун буго, гIурччинаб байданалде биччазе мех щун буго.

— Кидаго рокъобги тун мун хьихьизе дирги хIал гIолеб гьечIелъул, битIила мунги байданалде, — ян разилъанила кигIанго бокьичIониги кIодо. — Амма дур габуралда гьаб цIумурги балебха, гьелъул гьаракь рагIарал бацIил тIанчIи тIуризе, — ян тIадеги жубанила гьелъ.

КIодоца багIараб чиллайдул чIолоялъ буртIил габуралда цIумурги бухьанила, нухбитIаги гьитIичилан, тIад кверги бахъун, гьебги гIалахалде балагьизабунила.





Анила къоги, бакъанимех щведал щобазда нахъе тIерхьанила бакъги, амма кIодол цIумур бараб бурутIги бачIунарила рокъобе. Цинги хадусеб къоги щванила, щиб гьабилебали лъаларого кIодоца ахIи бан гьеб балагьизе гьелги рахъанила. Цоял тIилалгун, цоял лъундулгун, цогиял тункIалгун рукIанилаха цIумур бараб бурутI балагьизе рахъун. Нохъазде гьел раккулила, рохьазда гьел сверулила, ссанабаздасан, бакълъаздасан къокъунила. Ахирги цо гохIда нахъасан бугилаха зингъ-зингъзингъан цIурмил гьаракь рагIулеб.

— Дир буртIил гарбида бараб цIурмил гьаракь буго доб, — ан ахIанила хералъ. Хехго галабиги росун, гIолохъаби гохIтIе гIедегIанила. Балагьанила гьенисан, гьечIилаха кибниги бихьулеб бакIалда кIодол бурутI, ва амма бугилаха къебцазда гьоркьобги кьерулаго лъарахъе лъугьун унеб кIудияб цIахIилаб бацI.

— Гьадаб бацIица чIван батила дир бурутI, — ан ахIи тIамунила кIодоца.

Цоял тIилалгун, цоял тункIалгун, цогиял лъундулгун лъарахъе рекеранила гIадамал. Амма гьел лъарахъе щвелалде бацIица рохьобехун хазабунила. Зингъ-зингъзингъан добго цIурмил гьаракьги букIанила бацI араб рахъалдасан рагIулеб. Гьеб гьаркьида хадур унаго цо чанахъанас ишан босанила ва туманкIги ресчIчIун бацI чIванила. Цинги аскIореги щун бацIил чехь ссуйдал гьениса къватIибе кIанцIун бачIанила цIумур бараб бурутIги гьелъул кIиябго бацакоги. ЦIакъ рохханила гьел жалго хвасар гьариялдаса. Йоххун йикIанила кIодоги. КIиябго кIудияб бурутI кIалъанила кIододехун.

— Бэ-э-э-, бэ-э-э-, инаро ниж къватIире кIодол изну гьечIого, гьелъ цIумур бухьинчIого.

## Сабрият Хабибулаева

# РагIад

Бакъул къоялъ бижулеб,
Кьерханкъоялъ билулеб
РагIад... Гьелъул балъголъи
Дида бичIчIулеб гьечIо.

Кьерханкъоялъ цIадаца
Биччилилан батила,
Квачани мегIерччиналъ
Унтилилан батила.

Бакъул къоялъ элъие
Дун щай хирияй йигей?
Дидаса цо галиялъ
Эб рикIкIда чIоларо.

Цинги, бакъ тIерхьарабго,
ТIурун батула рагIад.
ТIаде бакъ баккизегIан,
Бихьуларо дида гьеб.

Диргун гьудуллъиялъе
РекIкI гьабизе бегьилищ?
Нилъеда гьоркьоб щибго
РакIхвей ккун букIарабищ?



# Свакараб бакъ

Къол нух тун, тату хвараб
Бакъалъ къолъикI гьабуна,
БакъанигIужалъ нижгун
Рокъоре тIад руссана.

Кибе араб лъачIого,
Свакараб бакъ тIагIана,
ТIолабго росдада тIад
Сардилаб юргъан бана.

БачIун гьоболлъухъ рештIун,
ЧIегIераб сордо чIана.
Сардил картIахъан раккун,
Зодор цIваби кенчIана.

КIодоца маргъу бицун,
Ниж регизе гьаруна.
Свак чучун бакъ щвезегIан,
Кьижун чIезе тIамуна.

***

Баба, дида абуге,
Дун дуе йокьуларин,
Дида гьеб квеш букIуна,
Кьижун, макьу щоларо.

Баба, абе кидаго
Дун гIемерай йокьулин.
Дица ГIалигун Кали
Къварид гьаризе гьечIо.

Баба, дуца абуге,
Дуе дун йокьуларин
Дир тIокIай баба гьечIо,
Мун дир йокьулей баба.

Малъарабги гьабила,
Гьикъарабги бицина,
ГIицIго дун йокьуларин
АбичIого те, баба.



# Басняби

## БацIги гъотIоркIоги



Вехьасул рехъалъеги кIанцIун, кIудияб тIасабищун куйги бачун, бецIаб рохьлъотIун тIурулеб букIанила бацI. Циндаго цо гъотIода кIетIолеб сас рагIанила гьелда. Чанахъан ватизе бегьулиланги ккун, куйги биччан тун, бухъизабунила хъачагъалъ.

ТункIил гулла гIунтIулареб бакIалде щведал свакараб хъумур лъалхъанила ва нахъбалагьанила. ГьечIила вихьулелъув чиги чанахъанасулги гьечIила махIгицин. КIетIолеб жоги гъотIоркIо бугила, гъотIол макърида гъоркь хIапараби ралагьулеб. Щцин бахъараб бацIица гъотIоркIоялде рогьо банила: «Гозо буцIизегIан цIуладаги кIетIолеб, цIулал устарлъунги лъугьунареб», — абун. РагIанила гьеб гъотIоркIоялда ва гьелъги жаваб кьунила: «Гажал рортизегIан цIогьоданиги, цIцIани-гIиязул рехъен гьечIеб, гьардухъан», — илан.

## СихIирлъи лъие хутIараб

Гьеб букIанила тIоцебе дунял бижулеб заман. Ракьалда бугебщинаб хIутI-хъумур, хIинчI-гъеду, хIайванал, жанаварал данделъун рукIанила щибалъе махщел-гьунар бикьулеб бакIалде. Щибалъул бажариялда рекъон гьунарги кьолеб букIанила. Амма цо-цояз хIилла-макруялдалъун хъамулел рукIанила жидедасаго бажаруларебги. Гьедин, гIанкIуялъ росанила куркьбал, амма гьелъул боржине гьунар гIечIила. БацIица гIедерал хIатIал росанила. Гьелдаги гьел хIалтIизаризе гIакълу босизе лъачIила. Гьеб хъуй-хъаялда

гьоркьоб, аскIове щварав Инсанасда бихьанила хIурулъе рехун, лъицаниги тIалаб-агъазги гьабичIого тараб сихIирлъи. Гьебги кодобе босун гьев жиндирго нухалъ анила.

Гьеб бихьанила царада ва бекерунги бачIун, Инсанас босараб гьунар букIараб бакIалдаса махI сунтIанила.

Щибаб рухIчIаголъи жинцаго бищараб гьунар бугеб бакIалде ккanила.

Цо нухалъ, ралъдалъан къватIибе баккараб ччугIида бихьанила ралъдал рагIалчIван унеб свакараб бацI. РикIкIадасан гьелда хадуб балагьун букIанила рачI халатаб церги. ЧчугIица бацIида гьикъанила:

— Ле, хъумур, щай дуца бетIер дализе биччараб? — илан.

— ХIатIални дица гIедерал росана, амма гьел хIалтIизаризе лъикIаб гIакъиллъи босизе кIочон тана, — ян жаваб гьабурабила бацIица.

— ЧIая, доб сихIирлъи лъиеха щвараб? — илан гьикъанила ччугIица.

— Инсанасе! Инсанасе! — абун, гьаракьги борхун аскIобе бачIанила рачIчI халатаб цер. Гьанже рохьаздацин нижее хIалхьи букIине гьечIо. Гьеб киналъулго бетIерги инсан вукIина.

Гьединги абун, сихIирлъиялъул махI щвараб цер гьотIода нахъе тIерхьун анила. Гьеб параялъго тIаде щварав Инсанас ччугIаги бацIги ккунила. РикIкIадасан гьезухъ балагьараб цараца жиндаго абурабила:

— ЦIунаги Адамил лъимадаса. ХутIанщиналдаса цIунизе дицаго хIаракат бахъила, — абун.

# Къо-моцIазул рикIкIен

Календарь кидал ва киб баккарабали жеги гIелмуялда лъалеб гьечIо. Амма гьеб цIакъго цебего ургъун букIин лъала. НекIо щибаб улкаялда жиде-жидер букIун буго къо-моцIазул рикIкIен. НекIсияб Вавилоналда календарь гьабулеб букIун буго хIарщул къаназда. Гьелъулго хутIел щун рагIула пиргIаназул Мисриялдеги. (Египет).

КIваркьун календаралда тIад хIалтIулел рукIун руго грекал ва Рималъул гIалимзаби. Гьедин раккун руго Юлианил, Селегиралъул, Августил ва цойгидазулги календарал. Хъанчил заманалъул улкабазда хIалтIизабулеб букIараб календарь гьабун кIиазаргоялдасаги сон буго.

Ягьудиязул буго жидерго календарь. Гьелъул тарих анкьазаралда хадур соназдалъун рикIкIуна.

Бусурбабазул Гьижраялъул календаралда рекъон азаралда ункънусиялда кIикъоялда лъабго сон кколеб буго. Гьеб календаралъул рикIкIен байбихьула анлънусиялда къоло кIиабилеб Гьижраялъул соналдаса нахъе. Гьеб ккола жинда ТIадегIанас салам лъеяв нилъер МухIаммад авараг Маккаялдаса Мадинаялде вахъараб сон.

# БицанкIаби



***

Нилълъ гьимани, гьимулеб,
Нилълъ гIодани, гIодулеб,
Берцинасе – берцинаб,
Ццидаласе – сурукъаб?

***

Радал – ункъхIатIилаб,
Къаде – кIихIатIилаб,
Къасиялде – лъабхIатIилаб?

***

КIал гьечIеб, мацI гьечIеб,
КIалъачIого малълъулеб, –
Мун гьебгун гьудуллъани,
ГIакълу гIемераб щолеб?

***

ГIадан гьечIел улкаби,
Рукъзал гьечIел шагьарал,
ГъутIбиго гьечIел рохьал,
Лълъимго гьечIел ралъадал
Кир нилъеда дандчIвалел?

***

КьабунагIан бохулеб,
БуханагIан кIанцIолеб.

***

ЦинтIаго лъан бахъунареб,
Лъан хадуса кIочонареб?

# РУХІЧІАГОЛЪАБАЗУЛ ДУНЯЛАЛДА

## ЧЧУГІБИ

ТIоцере океназда ччугIби лъедолеб заманалда дунялалда жеги гIадан-инсанго вукIун гьечIо. Пилалги цойги хIайваналгицин щай гурин, диназавралгицин рукIунчIила. Бищунго цебе мугъзал чIоло бугеб хIайванлъунги ччугIа букIанила. Заман гIемер анагIан, гьезул тайпабиги хисулел рукIанила.

ГьабсагIат дунялалда лъеберазаргогIан батIияб тайпаялъул ччугIа бугилан рикIкIунеб буго гIалимзабаз, гIисинал лъаразул, гIоразул, хIоразул, ралъадазул ва океаназул лъелълъ.

ЧчугIби рикьула лъабго батIияб тайпаялде: масала, цIил бугеб ччугIа ккола акула, чIор-ччугIа ва гьезда реллъараб цойги тайпа. Гьарай бугел ччугIбузул гIадин гуреб, гьезул тIом бацун букIуна лълъарал гIадаб макъаралъ.

КIиабилеб тайпа ккола рукьби ругел ччугIби. Гьел бищунго гIемераллъунги рикIкIуна.

Лъабабилел – кIиййихъан хIухьел цIцIалезда гьоркьоре уна. Гьелги ккола гьуърулги ругел, хъурал жал гIадин ссураб щокъросан хIухьел босулел ччугIби. Гьединал ччугIби рукIуна бацIцIадаб лъадалълъ.

Россиялъул ралъадаздагун цогищинал лълъадал данделъабазда 1500 батIияб тайпа ччугIбузул бугилан рикIкIуна.

Нилъер Каспий ралъдалъин абуни ккола хъутма-ччугIа, багIараб ччугIа, масакI ва гIемераб батIияб тапаялъул ччугIа.

ЧчугIбузул 101 батIияб ва гьезда релълъараб 415, гIаммаб къагIидаялъ босани 1809 батIияб хIайван бугин Каспий хIорихъилан чIезабун буго.

Дунялалда бугебщинаб рахь хахулеб 400 батIияб хIайваналдаса 100 батIияб тайпа ралъдал хIайван кколилан рикIкIунеб буго.





# Соколёнок
# Лачен

ISSN№0203 - 3682

2/2018

март–апрель

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство печати и информации РД.

Регистрационный номер
ПИ №ТУ05-00348 от 01.12.2016г.
выданный управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
Мурад Ахмедов

**Редколлегия:**
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
Т. ЗУРГАЛОВА **(ответ. секретарь)**
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталибов

Формат 60x84 1/8.
Уч. изд. л. 3,19.
Уч. печ. лист 3,26.
Бумага офсетная.

Выход в свет 16.04.2018 г.
Тираж 1055 экз.
Заказ № 177.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г.Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.